



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 35 MILYON DOLA POU DEVLOPE PWOGRAM EKSTRASKOLÈ NAN DISTRI LEKÒL KI GEN GWO BEZWEN YO

Pwogram Ekstraskolè Empire State la Ap Sèvi 22,000 Timoun Anplis

Finansman an Disponib Jan Gouvènè a te Pwomèt li a nan Diskou sou Eta 2017 Leta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 35 milyon dola finansman ki disponib pou distri lekòl ki pi bezwen atravè New York yo, pou etabli bon jan pwogram de ekstraskolè. Antanke youn nan priyorite Gouvènè a ki antre nan Eta 2017 Leta a, investisman sa ap sipòte enskripsyon ki ogmante nan pwogram apre lekòl yo a 36 pousan.

“Investisman sa nan Nouyokè ki pi jèn nou yo, se yon investisman nan avni ki pi pwòch eta sa”, **gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk finansman sa, n ap bay timoun ki nan vil defavorize nan eta a menm opòtinite ak tout lòt timoun yo, lè n ba yo plis aksè a pwogram e a resous kominotè pou ede yo avanse epi ede kreye yon Empire State ki pi solid, pi jis pou tout moun.”

Distri lekòl ki elijib yo ka fè patenarya ak ajans non pwofi yo pou founi pwogram ekstraskolè. Tout distri lekòl ki enterese aplike dwe:

- Sitiye nan minisipalite ki deziyen dapre Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative);
- Sitiye nan yon konte ki gen yon to povrete timoun ki depase 30 pousan nan lane 2015;
- Gen yon to povrete timoun 30 pousan nan lane 2015 nan distri a; oubyen
- Te genyen ant 5,000 ak 20,000 elèv k ap viv nan povrete nan distri lekòl la nan lane 2015.

Finansman sa, ki te premye anonse nan kad Diskou sou Eta 2017 Leta Gouvènè Cuomo a, te adopte nan Bidjè 2017-2018 la k ap pèmèt distri yo resevwa sibvansyon 1,600 dola pa elèv pou senk ane. Distri yo dwe adopte endikatè kalite pou evalye anvivonnman, entèaksyon pèsònèl ak elèv ak rezilta elèv yo. Biwo Sèvis Timoun ak

Fanmi Eta New York la (New York State Office of Children and Family Services, NYS OCFS), k ap jere sibvansyon an, prevwa anonse sibvansyon yo nan sezon ete sa.

Apèl Dòf yo disponib nan: www.ocfs.ny.gov/main/bcm/rfp.asp.

DISTRI LEKÒL KI KALIFYE POU APLIKE POU FINANSMAN
Rejyon Kapital
Albany City School District
Lansingburgh Central School District
Troy City School District
Whitehall Central School District
New York Santral
Oswego City School District
Syracuse City School District
Finger Lakes
Rochester City School District
Mid-Hudson Valley
East Ramapo Central School District
Fallsburg Central School District
Kiryas Joel Village Union Free School District
Monticello Central School District
Newburgh City School District
Poughkeepsie City School District
Yonkers City School District
Long Island
Hempstead Union Free School District
Uniondale School District
Mohawk Valley
Gloversville City School District
Laurens Central School District
Oneonta City School District
Sharon Springs Central School District
Utica City School District
Vil New York
Bronx City School District 10
Bronx City School District 11

Bronx City School District 12
Bronx City School District 7
Bronx City School District 8
Bronx City School District 9
Kings City School District 13
Kings City School District 14
Kings City School District 15
Kings City School District 16
Kings City School District 17
Kings City School District 18
Kings City School District 19
Kings City School District 20
Kings City School District 21
Kings City School District 22
Kings City School District 23
Kings City School District 32
North Country
Morristown Central School District
Salmon River Central School District
Watertown City School District
Southern Tier
Binghamton City School District
Downsville Central School District
Elmira City School District
Jasper-Troupsburg Central School District
Rejyon Lwès New York
Buffalo City School District
Chautauqua Lake Central School District
Dunkirk City School District
Friendship Central School District
Jamestown City School District
Lackawanna City School District
Niagara Falls City School District

Patisipasyon nan pwogram apre lekòl yo jwe yon wòl enpòtan pou ede diminye eka opòtinite. Pwogram sa yo founi yon kad ideyal pou atenn elèv defavorize yo, ki asosye ak rezilta eskolè ki pi elve yo, yon to abandon ki pi ba ak yon diminisyon krim jèn moun. Lè elèv yo jwenn aksè a bon jan edikasyon, tankou edikasyon preskolè avèk sèvis edikatif tankou pwogram apre lekòl, yo gen plis chans pou jwenn travay ki peye byen e

pi bon kalite lavi k ap ogmante nan fason eksponansyèl. Yo dekouvri ke pou chak dola ki depanse nan bon jan pwogram ekstraskolè, sa rapòte 3 dola.

“Rechèch yo montre ke pwogram ekstraskolè yo asosye ak to abandon ki pi ba ak rediksyon krim jèn moun”, **delege pa Enterim OCFS, Sheila J. Poole te deklare.** “Lè yo ajoute 22,000 plas sa yo, sa ap kontribye pou siksè eskolè ak sikè sosyal timoun nou yo.”

“Pwogram sa ap ede diminye eka nan reyalizasyon nan kominote ki genyen timoun defavorize yo”, **delege Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) MaryEllen Elia te deklare.** “Lè n pwolonje jounen lekòl la, sa ap founi opòtinite edikatif nan yon anviwonman ki san danje e ki rich nan aprantisaj.”

“Aksè a bon jan pwogram ekstraskolè bay timoun yo opòtinite pou aprann epi grandi nan yon anviwonman ki san danje”, **Senatè Carl L. Marcellino, ki se prezidan Komite Edikasyon Sena a (Senate Education Committee), te di.** “Investisman nesèsè sa ap founi kalite kad eskolè ak sosyal k ap kenbe elèv yo konsantre sou travay lekòl yo e san yo pa nan pwoblèm. Finansman sa yo mete timoun yo sou wout siksè, ni nan lekòl, ni nan lavi.”

Enfòmasyon sou Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la

Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State New York la enkli vil ki gen konsantrasyon povrete ki pi wo yo; Albany, Binghamton, Buffalo, Elmira, Jamestown, Oneonta, Oswego, Syracuse, Utica ak Troy.

Enfòmasyon sou OCFS

OCFS sèvi New York lè li ankouraje sekirite, pèmanans, ak byennèt timoun, fanmi, ak kominote yo. OCFS kenbe yon prezans medya sosyal aktif. “Like” paj [Facebook Biwo pou Sèvis Familyal ak Timoun yo nan Eta New York, epi swiv @NYSOCFS sou Twitter nan lang Anglè oswa kont Twitter an Panyòl la @NYSOCFS Espanol.](#)

Konsènan NYSED

[Depatman Edikasyon Eta New York \(New York State Education Department\) fè pati Inivèsite Eta New York \(State University of New York, SUNY\), youn nan sistèm sèvis edikatif ki pi konplè, e pi entèkonekte nan Etazini. Swiv delege a sou Twitter @NYSEDNews.](#)

###